

# Understand Your Legal Issue

Solve Your Legal Problem

[www.floridalawhelp.org](http://www.floridalawhelp.org)

---

## Avoiding Loan Modification Scams - Haitian Creole / Kreyòl Ayisyen

### **Fason pou Evite Fwod nan Modifikasyon Prè**

Authored By: Community Legal Services of Mid-Florida, Inc.

### **Men kèk nan fwod ki pi komen nan modifikasyon prè ki genyen jodi a**

### **Mèt dam Ki Bay Fo Konsèy oswa Fo Sekou nan Afè Ipotèk**

Mèt dam pwofesyonèl la fè tankou li se yon konseye epi li di ou li kapab jwenn yon akò pou ou avèk enstitisyon ki prete ou lajan an pou sove kay ou si ou peye li yon frè anvan. Li ka menm di ou pou pa kontakte enstitisyon ki prete ou lajan an, avoka oswa konseye nan afè lojman epitou l ap egzamine tout detay yo. Li ka menm konvenk ou pou fè tout peman ipotèk ou dirèkteman ba li pandan l ap negosye pou ou avèk enstitisyon ki prete ou lajan an. Depi ou peye frè a, oswa depi ou yon ti kantite peman ipotèk yo, mèt dam nan ap disparèt avèk lajan ou.

### **Fo Pwogram “Gouvènman” pou Modifikasyon**

Kèk mèt dam ka fè ou konnen yo afilye avèk gouvènman an oswa gouvènman an apwouve yo, oswa yo ka mande ou pou peye gwo frè davans pou ou kalifye pou pwogram gouvènman pou modifikasyon prè ipotèk ou. Non konpayi ak sitwèb mèt dam nan ka sonnen tankou yon vrè ajans gouvènman. Ou ka wè tèm tankou "federal," "TARP" oswa lòt mo ki gen pou wè ak pwogram ofisyèl gouvènman Etazini. Enstitisyon ki prete ou lajan an ap kapab fè ou konnen si ou kalifye pou nenpòt pwogram gouvènman pou evite sezi-ipotèk ou. Epitou ou pa gen pou peye lajan pou jwenn avantaj nan pwogram sa yo.

### **Reklam ki Atire Kliyan pou Twonpe yo**

Mèt dam pwofesyonèl la ap konvenk ou pou siyen dokiman pou yon “nouvo modifikasyon prè” k ap fè vin ajou avèk ipotèk ou genyen an. Sa a se yon trik. Ou te fè siyen dokiman ki remèt tit kay ou ba mèt dam pwofesyonèl la pou li kapab ba ou yon prè “sekou”.

## **Mannigans Lokasyon pou Vin Pwopriyetè oswa Sesyon-Anfèmaj**

Yon mèt dam ap ankouraje ou pou remèt tit kay ou ba li nan yon akò k ap pèmèt ou rete nan kay ou kòm yon lokatè epi answit w ap re-achte kay la nan kèk ane. Li ka di ou si ou remèt li tit kay ou sa ap pèmèt yon moun ki prete lajan ki gen yon pi bon eskò kredi jwenn nouvo finansman—epi sa ap anpeche ou pèdi kay ou. Men, mèt dam nan ka pa gen entansyon pou janm vann kay la ba ou ankò. Men anjeneral, kondisyon akò sa yo ka lakòz li enposib pou achte kay ou ankò. Sa ki pi grav ankò, lè nouvo moun ki prete lajan an pa peye yon dèy, w ap anba degèpisman.

### **Varyasyon yo**

Mèt dam nan ap ogmante pri lwaye a apre yon peryòd tan nan pwen ou pa kapab gen mwayen pou peye li. Apre ou pa fè anpil peman lwaye a, ou anba degèpisman, pou kite “sovtè” a lib pou vann kay ou.

Mèt dam nan ap ofri ou pou jwenn yon achtè pou kay ou, men sèlman si ou siyen non sou tit pwopriyete epitou si ou demenaje. Mèt dam nan ap pwomèt pou peye ou kèk nan pwofi a lè kay la vann. Men mèt dam nan ap senpleman lwe kay ou epi l ap kenbe pwofi yo pandan enstitisyon ki prete ou lajan ap kontinye avèk pwosedi sezi-ipotèk la. Ou te pèdi kay ou epi ou toujou responsab pou ipotèk ou pa peye a, paske si ou transfere tit pwopriyete a sa p ap afekte obligasyon ou pou peye ipotèk ou.

### **Deklarasyon Fayit pou Evite Sezi-Ipotèk**

Mèt dam nan ka pwomèt pou negosye avèk enstitisyon ki prete ou lajan oswa pou li jwenn re-finansman sou non ou si ou peye li yon frè davans. Olye li kontakte enstitisyon ki prete ou lajan an oswa olye li re-finanse prè ou, li pran frè ou peye li a epi li depoze yon dosye deklarasyon fayit sou non ou—pafwa san ou pa menm konnen sa.

Yon depo deklarasyon fayit ap souvan sispann yon sezi-ipotèk sou kay, men pou yon ti tan sèlman. Depo deklarasyon fayit ap sispann nenpòt rekouvremant ak sezi-ipotèk la pandan tribinal ki okipe afè fayit la ap administre dosye a. Men, pètèt ou dwe kòmanse peye ipotèk ou, oswa enstitisyon ki prete ou lajan ap kapab sezi kay ou. Ou kapab pèdi lajan ou te peye mèt dam nan ak kay ou. Sa ki pi grav ankò, yon deklarasyon fayit ap rete sou rapò kredi ou pou 10 zan, sa k ap fè li difisil pou jwenn kredi, pou achte yon kay, pou jwenn asirans-vi oswa menm pou jwenn yon djòb.

### **Tanpri fè aksyon lè ou fè nenpòt oswa tout sa ki endike anba la a:**

- Rele Liy Dirèk Homeowner’s Hope: 1-888-995-HOPE (4673)
- Gen èd ki disponib nan 20 lang sou demann.
- Fè yon plent sou entènèt avèk Komite Avoka pou Dwa Sivil Anba Lalwa. Soumèt yon fòm plent nan lang Anglè sou entènèt.
- Rele Komisyon Federal Komès (Federal Trade Commission, FTC) nan nimewo 877-FTC-HELP (1-877-382-4357).

- Ou kapab kontakte biwo Pwokirè Jeneral Florida.
- Kontakte Biwo pou Pi Bon Biznis (Better Business Bureau).

Updated: April 18, 2017

---

Printed: December 14, 2018

<http://www.floridalawhelp.org/node/430/avoiding-loan-modification-scams-haitian-creole-kreyòl-ayisyen>

©Understand Your Legal Issue